

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan dijudulan “Sindén Nunung NurmalaSari: Réprésentasi Wanoja Sunda (Ulikan Féminisme)”. Objék nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta Sindén Nunung NurmalaSari ngeunaan réprésentasina salaku wanoja Sunda. MétoDE anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Téhnik nu dipaké dina ngumpulkeun jeung ngolah data ngaliwatan observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan figur, peran jeung répréséntasi Nunung NurmalaSari salaku wanoja Sunda dina kapasindénan, disawang tina aspék fisik, psikologis, sosial jeung kalungguhanana dina jihat féminis.

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dipedar dina bab saméméhna, kacindekan nu bisa dicangking nyaéta yén jenggléngan Nunung NurmalaSari minangka sindén anu teu bisa dipisahkeun tina raketna hubungan antara aspék fisik, psikis, sosial, sarta kalungguhanana dina kapasindénan nu patalina jeung jati diri wanoja Sunda. Dina aspék fisik, Nunung ngagambarkeun hiji citra wanoja Sunda anu éndah tur anggun, lain ukur tina penampilan lahiriah, tapi ogé tina pasemon anu marahmay, tata busana anu saluyu jeung pakem kabudayaan, sarta ciri has sanggul anu ngajadikeun Nunung miboga jati dirina sorangan tur babari dipikawanoh ku balaréa. Geulisna hiji wanoja anu dipiboga téh lain ngan saukur ditingali salaku atribut visual, tapi jadi bagian tina simbol sosial budaya anu méré gambaran yén éstética dina diri wanoja Sunda ngandung unsur lahiriah jeung batiniah anu ngahiji.

Dina aspék psikis, Nunung ngébréhkeun yén kakuatan batin, kamandirian, jeung daya tahan méntal mangrupa unsur penting anu nyangkaruk dina diri seniman wanoja. Ti rumaja, Nunung geus ngumbara pikeun nyiar élmu, ngatur kahirupanana sorangan, sarta nyanghareupan rupa-rupa tangtangan boh di luhur panggung boh di luar panggung. Pangalaman hirup anu teu salawasna mulus rahayu, kaasup cobaan dina hubungan pribadi jeung perjuangan pikeun ngajaga kahormatan dirina salaku wanoja, ngawangun kapribadian anu tegas, wijaksana, sarta sanggup ngatur émosi

kalawan sawawa. Ieu hal nuduhkeun yén wanoja dina ranah seni teu saukur jadi panglengkep pagelaran, tapi boga peran aktif dina ngatur arah jeung lumangsungna karir sorangan.

Dina aspék sosial, boh di kulawarga boh di masarakat, Nunung nempatkeun dirina salaku figur anu boga pangaruh. Di kulawarga, Nunung jadi tuladan pikeun anak, adi-lanceuk, jeung murid-muridna, boh dina hal kemandirian boh dina ngajaga integritas. Posisi salaku *single parent* teu ngurangan wibawa atawa éksisténsina di panggung, malah nambahán légitimasi moral yén Nunung sanggup ngajalankeun dua peran anu béda dina waktu nu sarua. Di masarakat seni, Nunung dipikawanoh minangka sindén papan atas anu konsistén ngajaga kualitas vokal, boga hubungan gawé jeung solidaritas anu raket jeung para maestro seni Sunda, sarta aktif ancrub dina prosés régènerasi seniman ngora. Pangakuan publik kana kaparigelan jeung konsisténnna ngajadikeun Nunung simbol kareueus daerah sarta réprésentasi nyata tina wanoja Sunda modéren anu ngajaga akar budayana.

Kalungguhan Nunung NurmalaSari dina kapasindénan, lamun ditempo tina jihat féminisme, nuduhkeun yén wanoja Sunda miboga kamampuh pikeun nangtukeun pilihan hirupna sorangan, nyanghareupan norma sosial anu kadang masih kénéh patriarkis. Nunung teu ngan saukur ngajaga tradisi, tapi ogé ngawanohkeun inovasi tanpa ngaleungitkeun jati diri budaya. Dina unggal pagelaran, penampilan Nunung jadi wujud pangajén kana identitas wanoja Sunda anu cerdas, tangguh, jeung éndah dina harti anu sagemblengna.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan ngébréhkeun yén répréséntasi wanoja Sunda dina seni tradisi teu ngan saukur gumantung kana éstética fisik, tapi ogé kana kakuatan psikis, peran sosial, jeung kontribusina dina ngamumulé budaya. Figur Nunung NurmalaSari nuduhkeun yén seniman wanoja bisa nyaluyukeun diri dina ranah seni anu kompetitif kalawan tetep ngajaga jati diri budaya. Ieu hal penting pikeun nétélakeun yén seni tradisi bisa jadi médium pikeun ngébréhkeun ajén féminisme anu saluyu jeung ajén-inajén lokal.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sawatara rékoméndasi pikeun lajuning laku ieu panalungtikan ngeunaan Sindén Nunung NurmalaSari. Dipiharep ieu hasil panalungtikann ngeuyeuban kana pangaweruh ngeunaan kapasindénan, hususna Sindén Nunung NurmalaSari. Sawatara rékoméndasi ditujukeun, saperti ieu di handap.

Pikeun kaum akademik, ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan seni katut budaya hususna dina kapasindénan. Mahasiswa kudu bisa maluruh tur ngaguar ngeunaan répréséntasi wanoja dina seni tradisi, hususna dina jihat féminisme budaya. Figur Nunung NurmalaSari bisa dijadikeun conto kongkrit kumaha hiji seniman wanoja nyanghareupan tangtangan sosial, ngatur peran doméstik jeung publik, sarta ngajaga kualitas karya seni kalawan tetep nyepeng ajén-inajén budaya. Ku kituna, para akademisi dipiharep teu ngan saukur ngulik seni tina segi téhnis atawa éstética, tapi ogé tina diménsi sosial, génder, jeung budaya anu nyangkaruk di jerona.

Pikeun masarakat, ieu panalungtikan méré gambaran yén seni tradisi teu ngan saukur jadi warisan anu kudu dimumulé ku kalangan seniman wungkul, tapi ogé ku masarakat minangka bagian tina idéntitas koléktif. Ieu hal dipiharep sangkan masarakat leuwih ngajénan jeung méré rojongan ka seniman lokal, boh ku cara hadir dina pagelaran, boh ku ngawanohkeun deui seni tradisi ka generasi ngora. Lalampahan Nunung nuduhkeun yén rojongan masarakat, boh sacara moral boh sacara praktis, mangrupa unsur penting pikeun ngajaga sumanget jeung kontinuitas karya seni.

Pikeun lembaga kesenian, boh anu formal boh anu berbasis komunitas, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep sanggup nyiptakeun rohang kolaborasi antara maestro jeung generasi muda, ngalaksanakeun dokuméntasi karya anu sistematis, sarta nyadiakeun kasempetan tampil dina skala lokal, nasional, jeung internasional. Pangrojong dina wangun fasilitas latihan, promosi, jeung pendanaan bakal ngabantu ngajaga daya saing seni tradisi di tengah arus hiburan global anu tuluy robah.